

Enstriksyon pou Moun ki Ekspoze ak Lawoujòl Ki Pa Pwoteje Kont li epi Ki Te Resevwa Iminoglobilin

Ou te resevwa medikaman abaz iminoglobilin paske ou te ekspoze ak lawoujòl epi ou pa pwoteje kont li.

Men tout sa w dwe konnen sou lawoujòl:

- Lawoujòl se yon viris ki pwopaje atravè sekresyon respiratwa ak lè w respire menm lè avèk yon moun ki gen lawoujòl.
- Lawoujòl kontajye anpil. Yon moun kapab vin kontajye apati kat jou anvan li vin gen yon gratèl, rive jiska senkyèm jou kote li kòmanse gen gratèl la.
- Premye sentòm lawoujòl yo se lafyèv, ki vini avèk tous, nen k ap koule, ansanm ak zye wouj, k ap fè dlo. Lòt sentòm ki vin delvope annapre yo se lafyèv ki vin pi mal ansanm ak yon gratèl nan tout kò moun nan.
- Lawoujòl la kapab lakoz tou enfeksyon nan zòrèy, dyare, nemoni, fos kouch, enflamasyon nan sèvo, ospitalizasyon, e menm lanmò.

Men tout sa w dwe konnen sou iminoglobilin:

- Iminoglobilin ou te resevwa a pral lakoz ou gen mwens chans pou w trape lawoujòl. Menm si w te pran medikaman an, ou kapab toujou tonbe malad akòz lawoujòl, epi pwopaje li bay lòt moun.
- Si sa ta rive ou trape lawoujòl la, iminoglobilin lan kapab rann sentòm ou yo mwens grav.

Piske moun kapab pwopaje lawoujòl bay lòt moun anvan yo kòmanse gen gratèl, ou ka petèt kontajye nan moman n ap pale la. Men kisa w dwe fè pandan 28 jou konplè (ki se moman kote w kapab tonbe malad epi enfekte lòt moun) apre w fin ekspoze ak lawoujòl:

- Rete lakay ou e lwen lòt moun, sof si w bezwen resevwa swen medikal.
- Evite resevwa vizit lakay ou.
- Piga w soti al fè chòping ni pigas w ale travay, lekòl, ni nan enstitisyon relijye yo.
- Asire w ke tout moun lakay ou ajou avèk vaksen kont lawoujòl yo.

Dat ekspoizyon ak lawoujòl la: _____

Dat lè w kapab retounen nan aktivite nòmal: _____

Si w vin tonbe malad epi w bezwen konsilte yon pwofesyonèl swen sante, rele anvan w ale pou w fè yo konnen ke w ka petèt gen lawoujòl pou yo kapab pwograme randevou w la nan yon lè kote lòt pasyan yo p ap ekspoze (tankou apre lè biwo). Klinik pwofesyonèl swen sante w la ka mande w pou pase nan yon lòt antre.

Nan randevou w la, fè pwofesyonèl swen sante w la konnen ke w te resevwa iminoglobilin, dat ou te resevwa li a, ansanm ak tip ou te resevwa a (anndan misk oswa anndan venn). Ou dwe montre li lèt sa tou.

Nòt: Ou dwe tann omwen sis mwa apre w fin resevwa iminoglobilin anndan misk la oswa omwen uit mwa apre w fin resevwa iminoglobilin anndan venn lan anvan w resevwa vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (Measles, Mumps, and Rubella, MMR) oswa vaksen kont varisèl la.